ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№168 (23.576) ● 2017 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 5, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэм къаруушхуэ ирахьэлІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир щыгъуазэ ищІащ ди республикэм и Іуащхьэмахуэ щІыналъэм къыщеха ятІэпсым и зэранкІэ къэхъуа зэхэкъутэныгъэхэм кърикІуахэр зэрагъэзэкІуэж щІыкІэм.

ПУТИН Владимир КІуэкІуэ Юрий унафэ къыхуищІащ, МЧС-р я дэІепыкъуэгъуу, гужьеигъуэ ихуа жылагъуэхэм щыпсэу цІыхухэмрэ а щІыпІэм къина туристхэмрэ зыхуэныкъуэ псомкІи къызэрагъэпэщыну.

Дызэрыщыгъуаззщи, шыщхьэуІум и 31 - фокІадэм и 1 жэщым Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм къыщешха уэшхыщхуэм къызэдрихьэжьа ятІэпсым Прохладнэ - Азау федеральнэ гъуэгум щыщу Эльбрус посёлкэм и лъабжьэкІэ щыІэ Іыхьэ зыбжанэр къанэ щІагъуэ щымыІэу гуилъэсыкІащ. Ялэ Іыхьэр, метр 300 зи кІыхьагъыр, дыгъуасэ нэхущым зэрагъэпэщыжащ. Мыдрейхэр зэгъэзэхуэжныным мы зэманым къаруушхуэ ирахьэлІэ. ТхьэмащкІагъэ къыщыхуэ щыпІэм къиІэпхъыкІыну хуейкэр жьыхутъатэхэмкІэ кърашхэжьх.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Белавенцев Олегрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ республикэм и Правительствэм и Унэм щызэІущІащ

Ахэр едэІуащ шыщхьэуІум и 31 - фокІадэм и 1 жэщым къызэрымыкІуэ щытыкІэ къыщыхъуа Іуащхьэмахуэ районым зэгъэпэщыжыныгъэ, къэлъхьэныгъэ-кьеГэлъныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщкІуэкІым.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ республикэм и властым и гъэзэщІакІуэ къудамэхэмрэ Іуэхур зэхьэлІа министерствэхэмрэ я лІыкІуэхэр. Щытыкіэр зыхуэдэр зэпкърахащ КъБР-м и Премьер-министр Мусуков Алийрэ Белавенцев Олег и дэІепыкъуэгъу Литюк Николайрэ.

Къэув Іуэхугъуэхэр псынщІэу зэфІэхьыным хуэунэтІауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэмрэ МЧС-м щыщ гупырэ зэфІагъэкІхэм полномочнэ лІыкІуэр арэзы техъуащ. Арами, абы къыхигъэщащ щІэныгъэр и лъабжьэу щытыкІэм кІэлъыплъынырэ кьалэныжьхуэу къызэрыпэжьыр.

КъызэрымыкІуэ щытыкІэр зыхуэдэм и гугъу щищІым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм къыхигъэщащ мы махуэхэм къэхъуам и инагъыр зыхуэдэм тещІыхьауэ, ятІонэс кьеххэм зэрапэщІэтыным хуэгъэпса къэрал программэ нэгъэса дяпэкІэ яІэн зэрыхуейр.

ЗэІущІэм кърикІуам ипкъ иткІэ, зыхуэфащэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэм пщэрылъ щащІащ Іуащхьэмахуэ лъапэ къыщыхъуа къызэрымыкІуэ щытыкІэм и лъэужьхэр пІалъэ кІэщІым къриубыдэу гъэкІуэдыжьным теухуа лэжьыгъэхэр щІагъэхуэбжьэну. Белавенцев Олег къыхалъхьа Іуэхугъуэхэр ядиІыгъащ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я цІыхубэр зэрызэкъуэдзэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъур гъэлъапІэным теухуа программэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ

Іуащхьэмахуэ, Бахъсэн щІыналъэхэм къыщыхъуа къызэрымыкІуэ щытыкІэм къша гуэдзэгъуэм къыхэкІыу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Іуащхьэмахуэ, Бахъсэн щІыналъэхэм къыщыхъуа къызэрымыкІуэ щытыкІэм нэщхъеягъуэ къызэриштам къыхэкІыу зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я цІыхубэр зэрызэкъуэдзэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъур гъэлъапІэным теухуа программэм.

Абы хагъэкІащ нэгъуэщІ дауэдапщэхэр: урысей эстрадэм и вагъуэхэмрэ республикэм щыщІэрыІуэ артистхэмрэ зыхэтыну гала-концертыр, гуфІэгъуэм хуэзэхаша пшыхьымрэ махуэшхуэ хьэрэкІыпІэхэр дэгъэлъэтеинымрэ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● Къэхъукъащ Іэ шынагъуэхэр

Дызыгъэпі ейтейт икІи дызэмысат

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий фокІадэм и 1-м Тырныауз къалэ щызэхиша зэІущІэм и гугъу щащІащ Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм абы ипэкІэ къыщешха уэшх иным къыщырихужьа псыдзэм кърикІуахэр икІэщІыпІэкІэ гъэзэкІуэжьн зэрыхуейм.

ЗЭХЫХЬЭМ щІэсащ къэхъукъащІэ шынагъуэм хузэхаша комиссэм и лэжьыгъэр зэзыгъэуІу штабым хэтхэр: КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Юрий**, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэмкі э и министрым и къудзэ **Байсултанов Одес**, КъБР-м и Правительствэм и Тхьэмадэм и къудзэ **Бэлэтокъуэ Владимир**, Урысей Федерацэм и МЧС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и министерствэм, ФСБ-м, МВД-м, республикэм Транспортымрэ связымкІэ и министерствэм, «Газпром-Налшык щІыналъэ зэхуакуг газ» АО-м и тхьэмадзэхэр, щІыпІэ администрацэм щылажьэхэр, нэгъуэщІхэри.

- Прохладнэ - Азау федеральнэ мыхьэнэ зиІэ гъуэгур щІыпІэ зыбжанэм деж, псори зэхэту метр 700-м нэблагъэ и кІыхьагъыу, псы кьиуам кьанэ щІагъуэ щымыІэу зэрыщІигулъэсыкІам Іуащхьэмахуэ лъапэ и Іэшэлъашэр мыдрей дунейм пІэщІэ ищІащ. КъэхъукъащІэ шынагъуэм жылагъуи 5-м - Эльбрус посёлкэм, Нейтринэ, Тегенекли, Байдаевэ, Терскол - щылажьэ-щыпсэухэм къищынэмыщІа, а щІыпІэм зыгъэпсэхуакІуэ кІуа с цІыху мини 2-м нэблагъэри диубыдащ, нэгъуэщІ къэрал къикІа турист 260-м нызэрихьэри яхэту. Бгым къыдэна псоми ядэІепыкъуныр ди пщэрылъщ, а щІыпІэм къина зыгъэпсэхуакІуэхэм защІэгъэкъуэнри хэту, - къыщыхигъэщащ и пэублэ псалъэм КІуэкІуэ Юрий.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ автомобиль зекІуапІэм къыпыса «удыныр» зыхуэдэр къапщытэу а щІыпІэм лъэсу къыщызыкІуихьа гупым я нэхьыжь, Федеральнэ автомобиль гъэугъэмкІэ управленэм и «Кавказ» федеральнэ гъэугу хозяйствэм и къудамэм и унафэщІ **Берсанов Магомед**.

- Автомобиль зекІуапІэр щІыпІэ зыбжанэм деж щызэтещэхащ. Нэхъ дызыгъэгузавэр Бахъсэн Ипщэ къуажэм ищхьэкІэ щыІэ Іыхьэрщ, метр 300 зи кІыхьагъырщ. Абы зыри къыхэнэжакъым, къыр лъаги щхьэщытщ. Псы кьиуам гуилъэсыкІа адрей Іыхьи 3-р нэхъ цІыкІуц: метри 100 - 150-рщ я кІыхьагъыр. Иужьреищи дальэІэсын папщІэ, ялэм деж къыщыщІэдзэн хуейщ, - жиІащ Берсановым. - Дэ къызэрытпытэмкІэ, абы щхьэкІэ Іэмал нэхъ къезэгъыу икІи псынщІэу щІыпІэ а щІыпІэм къыщхьэщыт мывэ блыныр сыт и лъэныкъуэкІи дыхуэсакъыу къызэтегъэщэщэнырщ.

КьыхэгъэщІапхъэщ, Берсанов Магомед а и жэрдэмыр зэхьэхьэм щІэсахэм къызэрызэдащтар. Штабым хэтхэм зэдзаРзэныуэ УФ-м и МЧС-м и Іэтащхьэ Пучков Владимир зыхуагъэзащ, къэхъукъащІэ шынагъуэм зэхикъута федеральнэ гъэугу зэман кІэщІым къриубыдэу зэрызэрагъэпэщыжьын Іэмалхэмкі э къадэІепыкъуну елъэІуу.

Дэркі э телъыджэт икІи дызэмысат Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм а махуэм щекІуэкІа Іуэхугъуэхэр, дызрихьэлІа цІыхухэр зытепсэлъыхьахэр, езы щІыуэпсым зэрызэщихъунщІар, къэхъуащІэ шынагъуэм щхьэж къылъысу дызригъэгупсысахэр, нэгъуэщІхэри.

Зэхэхьэ нэужьым, дэ, журналистхэр, дынагъэсащ Тырныауз къалэ ищхьэрэкІэ къыщылъ сэтейм, Іуащхьэмахуэ лъапэ жьыхутъатэкІэ кърашхэжьх туристхэр щрагъэтІысыкІ щІыпІэм. Абдежым куэду щызэхэтт гуэзвэгъуэм къыІащІэх цІыхухэр Налшык е Псыхуабэ хуэдэ щІыпІэхэм зэрынагъэсыжыну микроавтобусхэр.

Ялэу кърагъэІэпхъуахьжа цІыхухэм дауІащІ. Туристхэм яхэтт нэгъуэщІ къэрал къикІахэри Урысей Федерацэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщхэри. Урысыбзэкі э псалъэ зэщхьэгъуэхэм, сабиитІ зыщІыгъуэхэм, дабгъэдыхьащ.

- Гъэ къэс дыкъокІуэри, мыпхуэдэ къэхъукъащІэ зэи дыхэхуакъым, - жиІащ Тулэ областым къикІа лІым. Абы и Іэплім сабиитІым языр ист, адрейр и анэм дэщІыгъут. - ЗэщхьэгъусітІыр ди щхьэм дытегуэзвэхьыртэкъым, лъагуэ защІэкІи дыкъикІыжьфынут а щІыпІэм, ауэ сабийхэр уи гъусэу бгыхэм дауэ уакІуэцІрыкІынт, дунейр зэрызэхэтхъуари плъагъуу. Абы къыхэкІыуи, Тхьэм игъэпсэу яжьдоІэ МЧС-м и лъэжьакІуэхэм! Ахэращ зи фІыщІэр мыбдежым дыкъызэрыщыхутэжари.

Тхыгъэри сурэтхэри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

ЩІэгъэхуэбжьауэ йокІуэкІ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий «Интерфакс-Юг» хьыбарегъащІэ Іэнатіэм зэрыжриІамкІэ, Іуащхьэмахуэ щІыналъэм къыщешха уэшхыщхуэхэм я зэранкІэ, шыщхьэуІум и 31 - фокІадэм и 1 жэщым Бахъсэн псыр зыдэт къуэбэкъум къыщхьэпрыкІа ятІэпсым гуилъэсыкІа федеральнэ автомобиль гъэугум щыщу нэхъ зэтекъута и Іыхьэ нэхъ ин дыдэр, метр 300-м нэблагъэ зи кІыхьагъыр, зэрагъэпэщыжащ.

«БЛЫЩХЬЭМ сыхьэти 4-м къыщыщІэдзауэ абыкІэ зекІуэм щыщІадзащ кьыкІэлъыкІуэ гъуэгу Іыхьэхэр зэзыгъэпэщыжьыну техникэ хьэлъэхэм, - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий.

Республикэм и Унафэщым зэрыжиІащи, КъБР-м и Правительствэм, «Урысейм и автомобиль гъэугуэр» Іэнатіэм и Іэщ Іагъэлэхэм, УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и министерствэмрэ МЧС-мрэ зэуІуу ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ Прохладнэ - Азау федеральнэ автомобиль гъэугур зэман кІэщІым къриубыдэу яхузэгъэпэщыжьынущ.

Мыдрейуэ. Псыдзэм и зэранкІэ Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм газыншэу къыщыпнаУ щыта къуажэхэм ар нэзыхьэс бжьамийхэр щІэрыщІэу яукъуэдиижащ. Абы къыхэкІыуи, иджы а жылагъуэхэм электрокъарур, псыр, газыр, зэпыу ямыІэу, ялъэІэс хъужащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Шэджэм щІыналъэ

Іуэхущ Іапі эм и зэфІэкІ

Шэджэм къалэм дэт «ТРОТТЕР» машинэухуэ заводым щІидзауэ къыщІегъэкІ ерыскъыхэкІ ткІуатІкІуэхэр къызэрырашэкІ прицеп-цистернэхэр.

МЫ ТЕХНИКЭ лІэужьыгъуэр ди республикэми адрей ди гъунэгъу щІыналъэхэми щыІапэщ. АбыкІэ фІыщІэ ин ябгъэдэлъщ КъБР-м и машинэухуэхэми «ТРОТТЕР» заводым и инженерхэми.

Мыуплий гъущІ лІэужьыгъуэфым къыхэщІыкІа цистернэм сыт щыгъуи щІыІэтыІагъыр иІыгъын папщІэ пластик трабзащ. Кубическэ метр 36-рэ зи инагъ апхуэдэ цистернэ екІуэкІмкІэ тыншу къепшэкІ хъунущ шэр, псыр, фоупсыр, дагъэхэкІхэр. Мыпхуэдэ машинэхэмкІэ ерыскъыр дэнэ щІыналъи шэ - зыри къыщыщІынукъым, узынщагъэмкІэ сэбэп пкъыгъуэхэри хуэна хъунущ.

«ТРОТТЕР»-м и Іэщ Іагъэлэхэм зэрыжаІэмкІэ, нэгъуэщІ къэралхэм щызэпкъралъхьэхэм емыфІэкІмэ, зыкІи къакІэрымыху мы цистернэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрми, Урысейми, КъуэкІыпІэ Гъунэгъуми щІэупщІэ щІэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

® Ди къуэш республикэхэм

Школакіуэ 600 йокІуэлІэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и школи 156-м гъэ еджэгъуэр щаублэжащ, абыхэм екІуэлІэ еджакІуэ мин 27-м щІигъум щыщу мини 3-м нэблагъэр ялэ классым кІуахэрщ.***

СЫХЪУМ дэт курыт еджапІэ №3-м, Воронов Юрий и цІэр зезыхьэм, дыгъуасэ и бжэкэр яхузэІуихьжащ школакІуэ 600-м. Гъэ еджэгъуэщІэм ялэ классым кІуащ сабии 110-рэ. А Іуэху гуапэм хэта цІыкІухэм, абыхэм я адэанэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ Абхъазым и Президент Хаджимбэ Рауль, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министр Какобэ Адгур, Урысейм и чрезвычайнэ, полномочнэ лІыкІуэу Абхъазым щыІэ Григорьев Семён, щыхьэрым и администрацэм и Іэтащхьэ Харазие Адгур, Сыхъум и Къалэ зэхуэсым и унафэщІ Пилие Константин сымэ.

Школым и унафэщІ Пагавэ Майе жиІащ школыр зэІуэпэщ зэрыхъуар Урысейр ахъшэкІэ къаззрыдэІепыкъуам зэрифы-гъэр, абы къэралым и унафэщІхэм фІыщІэ яхуилъэщІащ.

Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ Сыхъум дэт ешащэ школым щыщу цІэрыІуэхэр - Чочуа Андрей, Искандер Фазиль, Воронов Юрий сымэ зэрыщеджар.

«ФІыуэ, фыдихьэхыу феджэ. ИпэжыпІэкІэ щІэныгъэ зыбгъэдэлъ жылагъуэрщ зыхуэр къэрал лъэщ», - жиІащ Хаджимбэ Рауль, еджакІуэхэм щехъуэхъум.

Пэрытхэм ящыщщ

АДЫГЕЙ. ***Урысей Федерацэм и щІыналъэ 10-м, цІыхухэм ахъшэ нэхъыбэ къащыхэхъуэ хъуам, республикэр ящыщщ.***

МЫ ІУЭХУМКІЭ Адыгейм ебланэ увыпІэр иІыгъщ. Республикэм ар проценти 102,6-м щынэсащ, нэгъабэ елъытауэ. Апхуэдэ бжыгъэхэр къигъэлъэгъуащ Росстатым 2017 гъэм и ялэ мазихым УФ-м и щІыналъэхэм яГуэта социально-экономикэ зыужьныгъэм тещІыхьауэ.

Росстатым и экспертхэм къызэралъытэмкІэ, цІыхухэм ахъшэу къьхэхъуэм зэрыщыту Урысейм процент 1,4-кІэ зэрыщыкІэрыхуам и щхьэхуэгъуэхэм ящыщщ сатум зэрыхэщІар, ауэ промышленнэ производствэр къэралым проценти 2-кІэ щыхэхъуащ.

Тонн мини 7-м нэблагъэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и мэкъумэщыщІэхэм фошыгъу жэгундэр кърахьэлІэж. Иджыкі э гектари 150-м къыщатІыжащ тонн мини 7-м нэблагъэ.***

МЫ ГЪЭМ фермерхэм гектар къэс жэгундэ центнер 458-рэ къыстрах, ар бэвагъ хъарзынэщ. Псори зэхэту фошыгъу жэгундэм гектар мини 6,2-рэ иІыгъщ. Кьыхэдгъэщынщи, республикэм щолажьэ фошыгъу завод, аращи, мэкъумэшыщІэхэм къагъэкІар ирагъэкІынымкІэ гугъуехь яІэнукъым. Зы жэщ-махуэм заводым жэгундэ тонн мини 6 къищтэфынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

НОБЭ

♦**Псапэ щІэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Индием щагъэлъапІэ егъэджакІуэм и махуэр**

♦**1666 гъэм** Лондон щагъэункІыфІащ махуищкІэ зыпэмылъэщ мафІэсыр. Абы кьалэм и ухуэныгъэхэм я Іыхьэ щанэр - унэ минипщІым нэсыр - хисхьат.

♦**1698 гъэм** Пётр Езанэм жьакІэ зытетхэм кьуэды ятын зэрыкуейм теухуа унафэ къыдигъэкІащ.

♦**1827 гъэм** Урысейм тенджиз Іэхъуэмкі э и министерствэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1905 гъэм** Урысеймрэ Япониемрэ Іэ традзащ мамырыгъэ зэгурыІуэныгъэм, къэралитІым яку дэлъа зауэр зэриухам и щыхьэту.

♦**1936 гъэм** Бахъсэн ГЭС-р лажьэу яутІыпащ.

♦**1941 гъэм** нэмыцэдзэхэм Эстониеми и щІыналъэр зэрыщыту яубыдащ.

♦**1982 гъэм** ялэ дыдэу Москва - Лос-Анджелес кьалэхэр «телелъэмыж» жьхуаІэ Іэмалымкі э зэпащІащ.

♦**1997 гъэм** Москва къыщызэІуахащ Пётр Езанэм и фэеплъыр, скульптор Церетели Зураб ищІар.

♦**1997 гъэм** Алыджым и къалащхьэ Афины 2004 гъэм Олимп Джэгуэр щекІуэкІыну къалэу яГуэващ.

♦Урыс тхакІуэ **Толстой Алексей** къызэралъхьэ илъэс 200 ирокъу.

♦УсакІуэ, композитор, пшынауэ, уэрэджыІакІуэ, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къэжэр Индрис** къызэралъхьэр илъэси 122-рэ ирокъу.

♦УФ-ми КъБР-ми щІыхь зиІэ я энергетик, жылагъуэ лэжьакІуэ **Къущхьэ Мухьэжид** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Инджылызым щыщ уэрэджыІакІуэ, музыкант, «Queen» гупым и солисту щыта **Меркьюри Фредди** къызэралъхьэр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ и министру щыта, Урысейм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Швыдкой Михаил** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 17 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къэпкъ Іущыгъэ:

Гъущ І куэбжэ зиІэ гъущ І мастэ щощІэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

ФIы зыщIам и щытхъу кIуэдыркъым

● ДифI догъэлъапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналист нэхъыжь дыдэхэм ящыщ Дыкъынэ Хьэмид Мудар и кIуэр мы махуэхэм илъэс бгъущI ирикъущ. А гъэхэр ебы къызэринэкIащ гъащIэм и ешхэр Iущхэр и Iэпэгъуу, цIыхупсэ къулеигъэр къебэкIыу, щытхъу лейм хуэхамэу. Дыкъынэр республикэм фIыуэ къыщацIыху, бэм я гумрэ я псэмрэ дыхьа журналист набдзэгубдзаплъэщ. Ар ящыщщ лIэщIыгъуэ кIуам и тхущI гъэхэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом лъэщу зезыгъэужьыхьэм, и Iэнатlэр жыдэжру, гугъэзагъэу езыхьэкIахэм.



БАЛИГЪЫПIЭМ нэмыса зи щIалэгъуэр Хэку заузыхуэм хиубыда Хьэмид, адрейхэми хуэдэу, щхьэх имыIэу нэхъыжьхэм ядэIэпыкIуащ. ТекIуэныгъэр кьиргъэблагъэу фронтым хуэлэжьащ. И адъанэр къыщхьэщыгъти, зыдзеплъеинрэ зи жьIэ едзIэунэрэ иэт. ИтIанэ Налшык Лениным и цIэр зэрихьэу дэта еджапIэ кьалэ цIыкIум и гъэсакIуэхэм я дерс Iущхэри хуабжьу къыхуэщхьэпэрт. Къэбэрдей пединститутыр къиуха нэужь, къыщалъхуа Зеикъуэ къуажэм ильэс шыбжанэкIэ егъэджакIуэу щылажьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом щрагъэблагъэм, арэзы мэхъури, и унагъэр щыгъуу, Налшык кьоIэпхъуэ.

Дызэрыщыгъуаззэщи, журналистикэр гъащIэмрэ псэунигъэмрэ кьыгуэхIыпи имыIэу пыщIащ. Абы къыхэкIыу, зэ елпIыгъуэкIэ жьгъей гуэру е мыхьэнэншэу къыпфIэщIкэри гулъытэншэ пщIы хъунукъым. IэнатIэм пэрытыкуKIэ, ар Хьэмид зы махуи зыщигъэгупщакъым.

- Нобэ кIуэрыкIуэм тету зыхуей псор микрофоным щыжаIэ щхьэкIэ, ди зэманым ар кьыпхуадэнутэкъым. ПропагандэмкIэ, мэкъумэшымкIэ, промышленностымкIэ, хъыбарегъащIэхэмкIэ редакцэкэр, литературэ-художественнэ, щIалэгъуалэ, сабий кьудамэхэр зэуIуу, зэпIэзэрыту лажьэрт, гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ зиIэ, экономикэм, кьуажэ гъащIэм, ущием, нэгъуэщI куэдми ятеухуа нэтын купщIафIэхэр зэгъэхьэзырыт. Радиом и редакторэхэмрэ корреспондентхэмрэ республикэм и щIыпIэ псори зэщIагъэхьэрт, жылагъуэхэм я щыIэкIэ псэукIэм, щекIуэкI Iуэхугъуэхэм зыхагъэгъуаззэрт, ди лъэпкъхэм я щэнхабзэм, зэхущытыкIэфIым гуапэу тетхьихырт, - желэ нэхъыжьыфIым, а ильэсхэр игу кьиргъэкIыжу.

Тхьэр Дыкъынэм куэдкIэ хуэупсат. Зэрыакъыл жаным, гупсысэ узыншэхэр зэриIэпэгъэн кьадэкIуэу, гуапагъэмрэ гуакIуэгъэмрэ къебэкIырти, куэд хуэзблэкIырт. Цыху пэжт, бзэ Iофт, ныбжьэгъуфIэ кьулейт. Хэти егуэпэкIыну хьэзырт. А хьэл гъуэзэджэхэр пасэу псэкIэ кьищтауэ ноби мы гъащIэм кьыщыдоклуэкI, кьэщыхуощхьэпэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом сыщыува 1981 гъэм Хьэмид илъэс тхущIым щIигъуат, зэманыфI хъуауи мэкъумэшымкIэ кьудамэр зэрихьэрт. ЛIы бжьыфIэ кьекIуат, фIэлIыкI иIэт, республикэм и дэнэ щIыпIи кьыщацIыхурт. Кьуажэ гъащIэм, колхоз-совхоз Iуэхугъэм фIыуэ хищIыкIырт, и тхыгъэхэмрэ нэтынхэмрэ лэжьакIуэжьхэр щигъафIэрт, Iэщыхъуэ, гъавэгъэкI пашэхэм я зэфIэкIыр хIыущIыIу ищIырт. Гъэмахуэ лъэхъэнэм Iуэщхьэхуэ жьыжьэм кIуэрейт, гъэш фермэхэм, заводхэм, цеххэм я Iуэхущафэм гуапэу тетхьихьырт, Iэщыхъуэхэм епсэлъылIэрт, езыхэри кьигъэпсалъэрт. Гъавэ щIигъуэмрэ Iухьжьыгъэмрэ губгъуэр и хэщIапIэт, щыламахуэ зэманым мэкъумэш техникэр щызэрагъэпэщыж лъэщапIэхэм щыплъагъунут. МэкъумэшымкIэ кьудамэм щыщыIами, пропагандэмкIэ редакцэм редактор нэхъыжьыу щагъэкIуами, Дыкъынэм и кьалэмыр зы махуи убзащхъуакъым. Езыр цIыху щабэми, и щхьэм хуэткIиижт. ПропагандэмкIэ редакцэм кьалэнышхуэ зэригъэзащIэр щымыгъупщэу, а Iэнатlэр хъарзынэу зэрихьэрт. Парт, профсоюз Iэжьыгъэхэр зыхуэдэм, депутатхэм я IэхущIафэм, кьрал властым и кьудамэхэм зэфIагъэкIхэм гуры Iуэгъуэу икIи зэщхьэщыхьэу тетхьихьырт, ныкъуэсаныгъэ, щыщIэныгъэ зыIэщIэкIхэм я щыуагъэхэр яригъэIагъуэкIырт, зэIущIэхэм зыщытепсэлъыхьхэм, кьыщащтэ унафэхэм я мыхьэнэр IэщагъэлIэхэр щыгъуу зэпкърихьырт.

ЛэжьакIуэпашэхэмI, гуащIафIэхэм, цIыху щIэрыIуэхэм очерк кьу ятриухуар щэ бжьагъэ мэхъу. Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, хэкIуэда зауэлIхэм, абыхэм я унагъуэхэм, а псэзэпылъхьапIэ лъэхъэнэм къэмылэнджажьу фронтым хуэлэжьахэм ятритхьхьар нэхъ мащIэкъым. Ахэр псэкIэ зэригъунэгъуу и Iэдакъэщ Iэкlэхэм ящIу и кьыхэщIыт. Дыкъынэм и нэтынхэм ГъащIэм и плъыфэ зэхуэмыдахэр хэплъагъуэрт. Къапщтэмэ, цIыхухэм щепсалъэкIэ, я гукъэкIыжхэр кьыщригъэIуатэкIэ, и псалъэм хуэсакъырт, щабагъэр япэ иригъэщырт, радиом едаIуэхэм кьаухуэщхьэпэну, гъэщIэгъуэн ящыхьну кьилъытэхэр егугъуу къыхигъэщхьэхукIырт. Ахэр хэкур, лъэпкъыр, дыкъэзыухъуреихь дунейр фIыуэ уэзыгъэлъагъу гупсысэ узыншэхэмкIэ гъэнщIат.

СССР-м и зэманым ди гъащIэм фIыуэ хэлъар зэрыхагъэкъэбзыкIым куэд щIауэ Хьэмид егъэпIейтей, кьуэнэху мыхъумыщIагъэхэм и гур дыхоущI.

- ДызыхэпсэукIа лъэхъэнэм гуапагъэу хэттьэгъуар тщыгъупщэн хуейкъым. Я щхьэ Iуэхур дагъэкIын мурадкIэ, щыIари щымыIари зэхатхъуэрэ ди нэхъыжьхэм я блэкIам хущIэбжэхэр, ар егъэлеяуэ зыубхэр куэду кьызэрыунэхур икъукIэ си жагъуэ мэхъу. Апхуэдэхэм кьрадзэркъым цIыху кьызэрыгуэкIым пщIэ хуащIу, зэхуэгъэдэныгъэр ягъэнэхъапэу, егъэджэныгъэр, гъэсэныгъэр, зэныбжьэгъугъэр ягъэнэхъыщхьэу зэрыщытар. Сыт хуэдэ гупсысэ мышыхуэр кьытхапщэну хущIэмыкъуми, мамыр гъащIэр, зэIуэпэщ псэукIэр дыхуэсакъыу тхъэмэу, дгъэбыдэну ди кьалэнщ, - кьыхегъэщ Дыкъынэм, а лъэхъэнэр зыхуэдамрэ ди нобэр зыхуэкIуамрэ зэпишэчу.

Дыкъынэ Хьэмид кьызэринэкIам зытригъэгъуэсэкъым. Мы гъащIэм щыхуэзэфIэкIамкIэ арэзыуэ и илъэс бгъущIыр игъэпIащи, дяпэкIи кьыхуэзэпищэну ди гуапэщ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● ФIыщIэ

Мурадыфlхэр ищIрэ лъагапIэщIэхэм нэсу

Ди республикэм гулъытэшхуэ щыхуащI къытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэным. Абы хуэгъэпса программэ щхьэхуэри щаубзыхуащ. Зи гугъу сщIы унэтIыныгъэм теухуа лэжьыгъэ щхьэпэ куэд щызэфIакIыныпIэхэм ящыщщ ди Аруан районыр. ЩIыпIэм щыIэ курыт школхэми, сабий садхэми, жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэми егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр кьыщызэгъэпэщыным, ахэр кьызыхуэтыншэу щегъэкIуэкIыным дапщэщи и нэIэ тригъэтщ район администрацэм и Iэтащхьэ Куэшей Аэмэт.

ЩIЭНЫГЪЭ куурэ лъэпкъ гъэсэныгъэ екIуэрэ зыбгъэдэлъ адыгэ щIалэр езыр хэкупсэ нэсщ. Щыхубэм я дзыхь кьраугъэу, Куэшейр мызэ-мытIэу хахащ Нарткъалэ и кьалэ советым и депутату. 2009 гъэм кьыщыщIэдзауэ илъэситхукIэ щытащ КъБР-м и Парламентым и IV зэхуэсым и депутату. Ар хэтащ Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым, иужькIэ щытащ ПромышленностымкIэ, гъэуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связьымкIэ комитетым и унафэщым и къэдзэну, Экологиемрэ щIыпэпсыр къэгъэсэбэныныкIэ комитетым и пашэу. ЩапхъэУ бгъэлъагъуэ зыхуэ Iуэху зехьэкIэ дахэ зиIэ Куэшейр 2014 гъэ лъандэрэ Аруан щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэщ.

И ныбжькIэ щIалэми, гъащIэм и зэхэлъыкIэм и лъэныкъуэ куэдым фIыуэ щыгъуазэщ Аэмэт. Ар ди щIыпIэм и пашэ зэрыхъурэ блэкIа илъэсхэм щIыналъэм хэпщIыкIыу зиужьащ уиIэтIныныгъэ куэдкIэ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм Аруан щIыналъэм щиIэ къудамэм и пашэу сыщыту, сэ си лэжьыгъэкIэ куэдрэ сыIущIащ Куэшейм. ЗэхэщIыкI лъагэ зыбгъэдэлъ адыгэщIалэм, жыпIэнурамэ, зэи сыкъэмигъэщIэхъуакъым, сыт хуэдэ жылагъуэ IуэхукIэ сыбгъэдэхьакъми.

Лъэпкъ Iуэхум, щIэблэ гъэсэныгъэм хуэнабдзэгубдзаплъэ щIалэ жьджьрым апхуэдэу деIыгъ щIыпIэ егъэджэныгъэ Iэнатlэм кьыщыхьхьэжьащ, езыри дапщэщи хэтщ а Iуэхугъуэхэм. Куэдым дощIэж нэгъабэ екIуэкIа «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм Аруан районым адыгэбзэр щезыгъэджэхэр пашэ щыхьхуауэ зэрыщытар. Фестивалым и кIэух Iыхьэр кьызэгъэпэщыным, ар кьызыхуэтыншэу егъэкIуэкIыным, дапщэщи хуэдэу, набдзэгубдзаплъэу кIэлъплъащ Куэшейр. Апхуэдэ лъэпкъпсо Iуэхущхэр Нарткъалэ кьызэрыщызэрагъэпэщам щыгуфIыкIыу икIи ирипагэу, Аэмэт жиIащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм зыхуэгъэхьэзырыныр, абы екIуу хэтыныр иджы школ Iуэху къудейуэ зэрыщымытыр, атIэ ар егъэджакIуэхэр еджакIуэхэри, сабийхэри балигъэхэри, унэгуащэхэри нэхъыжьфIхэ-ри къызэщIэзыубыдэ жылагъуэпсо къэхъукъащIэу кьызэриплъытэр.

- Къэралым дапщэщи кьыпэщыпь кьалэн нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ лъэпкъым хуэфащэ щIэблэ гъэсэныр. Нобэ къытщIэтаджэ ныбжьыщIэхэм гупсысэкIэу, дуней епIыкIэрэ Iуэху зехьэкIэу ябгъэдэтлъхьэ мардэхэм, шэч хэмылъу, елытащ ди пщэдейр зэрихьунур. Аэращ жылагъуэ зыужьыныгъэмрэ зэпIэзэрыныгъэмрэ лъабжьэ яхуэхъунур, - желэ Куэшей Аэмэт. - Хабзэрэ нэмысрэ зыхэлъу къэжьу щIалэгъуалэр сыт хуэдэ Iэнатlэми Iуэгъэнущ, пщэрыльэ яхуэпщI сыт хуэдэ кьалэнми пэлъэщыщущ. Ар къэралым и дежкIэ кьулеигъэшхуэщ, хьугъуэфIыгъуэ инщ.

Си гупсысэри Iуэху бгъэдэхьэкIэри щIыналъэм зегъэужьыныным, абы щыпсэу цIыхухэм я Iуэху дэкIыным, щIыпIэм щIэблэ узынщэ кьихьэу зыным хуэгъэпсауэ дунейм тет щIалэ жьыджэрым фIыщIэ хуроущ и псэ хьэлэл лэжьэкIэм папщIэ икIи ди гуапэу дохьуэхьу кьэблэгъэ республикэпсо, лъэпкъпсо махуэшхуэхэмкIэ. И гугъэмрэ и гъащIэмрэ зэтехуэу, мурадыфIхэр ищIрэ лъагапIэщIэхэм нэсу псэуну ди гуапэщ.

КЪУЩХЬэТIУ Хьэутий,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм Аруан щIыналъэм щиIэ къудамэм и тхьэмадэ.

БЕТРОЖЬ Валерэ:

Уз къэс Iэзэгъуэ иIэщ

● Ди псэлъэгъуэхэр

***Дэ псори дыщыгъуаззщ лъэхъэнэ пыухыкIахэм узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыззрихьэйм. Псалъэм папщIэ, иджы хуэдэ зэманым хьэкъупIэр (аллергиер), щIымахуэм пыухсыхур (грипп), нэгъуэщIхэри. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджырей медицинэр абыхэм щапэмылъщ щыIэщ, лъагапIэ инхэм ар нэса пэтми. КъищынэмыщIауэ, синтетикэм къыхэщIыкIа иджырей хущхъуэхэр цIыхум и Iэпкълъэпкъым щыщу зым еIэзэми, адрейм зэран щыхуэхъу щыIэщ. Мыпхуэдэхэм дежщ уз зэмылIэужьыгъуэхэм кьыщIагъэвыкIхэр, ижь-ижьыж лъандэрэ ягъэунэхуахэр, щIэгъэкъуэныфI щыхьур. Ди нобэрей псэлъэмакъым къыхыдощэ цIыхубэ медицинэм хуэIэзэ Бетрожь Валерэ.*

ЗИ ГУГЪУ тщIы щIалэр кьызыхуигъэщIа Iуэхум гурэ псэкIэ зэрыбгъэдэтым гу щыгъыптэкIэ, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыжым. Бетрожьыр сыхьэтхIэ, нэхъыбжькIэ пхутепсэлъыхьыфынущ дэтхэнэ удэыр сыткIэ щхьэпэмэ.

Налшык кьалэкум щыIэ бэзэр нэхъыщхьэм дыдохьэ. Абы дэт щIакхъуэ гъэжьапIэм дыIуохьэ. 2-нэ къатым дыдокIуейри, 18-нэ пэшым дыщIохьэ - аращ Бетрожь Валерэ щылажьэр.

- Мыхэр тхылъкIэ кудащ, - яхуоплъэкIыр ар блынэм кьегъэувэжкIа дапхъэхэм. - Сэ ильэс куэд щIауэ кьызэощхэу къэкIыгъэхэм ятеухуа тхылъ зэмылIэужьыгъуэхэр. Хущхъуэхэр щызэхэслъхьэкIи, ахэращ си тегъэщапIэр.

УогъэщIагъуэ Валерэ зыхищIыкIым и куэдагъыр. Удз хущхъуэ IэзэкIэхэр зригъэщIэну абы Украинэр, Урысейм и щIэлъэныкъуэр, Кавказ Ищхъэрэр, нэгъуэщI щIыналъэхэри кьызэхикIухьащ. И тхылъ гъуэтыгъуейкэр, кьыт-ригъэззжурэ щIиджыкIыжэр, щэ бжьагъэщ. Зэпымыуэу кIэлъоплъ медицинэм и зыужьыкIэм, дыкъэзыуэхьеиль дунейм, щIыуэпсым кьыщIыхъ-кьыщыщIэхэм. НыбжьэгъуэгъэкIэ кьыбгъэдыхьэр е сымаджэу абы и щхьэр езыхьэлIэр щIегъуэжьыркъым, псэ дахэ, гу зэIуха иIэщ.

- Уэ кьызэроджэр «Iэзэ» хьэмэрэ «дохутыр»?

- Щхьэж зэрыхуейуэ! - кьызет абы жэуап. - Си дежкIэ нэхъапэр цIыхум сэбэп сыкуэхъунырщ. Ауэ мыбы гу лъозгъэтэну сыхуейт: «Дохутыр» псалъэр кьыщемыжьэми, цIыхубэ IэзакIуэхэр дунейм тетащ. Медицинэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Гиппократ зэгуэр мыпхуэдэу жиIэгъащ: «Сымаджэм сэбэп уху мыхъуфми, уи зэран иумыгъэкI!». Сэ а хабзэм ткIийуэ сытетщ, си деж кьыIухьэхэм хущхъуэхэр ящыхъуэхэслъхьэкIи сащыдэлажьэкIи. Мы Iуэхум сызэрыхэтрэ илъэс 37-м нэблагъащи, зыри кьэкIуакъым е телефонкIэ зыкъысхуигъэзакъым, уэим кьыслIэжащ.

- Сытхэм уи Iэзэгъуэ хэлъ, Валерэ?

- Гу лъытхуэ, щхьэ, бгы (радикулит), лъатэ узхэм, кIэтIийкэр тэмэму Iэлэжьэжьымы, тхьэкIумэхэм ву макъ итмэ е дахэ-дахэу зэхамыхмэ, щхьэцыр икIмэ е къигъэкIэжьн хуеймэ, бэга хэмытIэсар гъэтIысыжьыным, цIыхухъу узыфэхэм (простатит, нэгъуэщIхэми), хьэкъупIэм (аллергием), бдзанэм (воспаление), псыбафэузым (сахарный диабет), Iэлузым (гангренэ), къарукIэгъуэм (слабость), кьинэмыщIхэми.

- Псоми зы къежьапIэ гуэр яIэщ. Уэ уи щIэдзэкIэ хъуар сыт?

- СыщыщIыкIым си адэм куэдрэ губгъуэм, мэзым сыздишэуэрэ удз зэмылIэужьыгъуэхэр сигъэльагъурт, абыхэм ящыщу дэтхэнэр сыткIэ щхьэпэмэ кьызэригурагIауэрт. Ауэ, си гугъэр си адэшхуэ Хьэжмэт ещхь сыхъужаугъэ: ар щIыпIэ куэдым щIэрыIуэ щыхъуа IэзакIуэу щытащ. Зэхилъхьэ хущхъуэхэмкIэ сымаджэ куэд игъэхъужьыфырт...

- Бжьыхьэпэм цIыхухэр нэхъ зыгъэпIейтей узыфэхэм ящыщу датхэнэхэм я гугъу кьытхуэпщIынт, Валерэ?

- Мы зэманым хьэкъупIэм (аллергием) куэд егъэгузавэ. А узыр кьежьэным щхьэусыгъуэ хуэхъункIэ хъунущ жыгхэм, удзхэм кьапих сабэри, кIэрыхубжьэрыхуэр щагъэскIэ кьахиху кIэгъуасэри, лэч зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ялэ унэлъащIэхэри, куэд щIауэ зэтелъ тхылъхэри. ЦIыху щыIэщ хьэхэм, джэдухэм ялъэIэсмэ, хьэкъупIэр кьыхуэкIуэу. А псоми, нэгъуэщI куэдми махуэ 20-м кьриубыдэу дапэлъэщыфынущ, жыжьэ дымыкIуэу. Губгъуэжьыхапхъэм и зэран зэкIэм, абы кьыфхуихьынкIэ хъунум фыпэмыплъэу, япэ зыкъэмигъэщрэ дэ зыкъытхуэвгъэзамэ, «аллергие» жыхуаIэр фэркIэ кьинагъуэжьнукъым.

ФыкъыщIыхьэ, 8-938-079-66-69, 8-903-493-30-59 телефонхэмкIэ фыкъэпсалъэ, сэ сыхьэзырщ сытым дежи сывдэIэпыкъуну.

Епсэлъар
КЪУМАХУЭ Аслъэнщ.

● Прохладнэ щIыналъэ

ХэкIыпIэу щыIэр къагъэсэбэп

Къэбэрдей-Балъкъэрымм и «Роспотребнадзор» Iуэхущапlэм Прохладнэ щIыналъэм щиIэ къудамэм и зэфIэкI псори ирехьэлIэ ди республикэм щыпсэу сабийхэр жьэгъу узым (зобым) щыхъумэным.

ЙОДЫР щымащIэщ хы Iуфэхэм пэжыжьэ щIыпIэхэм. Абыхэм хабзэ Къэбэрдей-Балъкъэрри. Къапщтэмэ, ди цIыхухэм зы махуэм хуэзэу йоду кьаIэрыхьэр зэрыхъур мг 40-80 кьудейщ. Ар ягъуэтын хуей пщалъэм нэхърэ хуэди 2-3-кIэ нэхъ мащIэщ. Апхуэдэ щытыкIэм кьикIын папщIэ ди сабий садхэм, школхэм кьыщагъэсэбэп йод зыхэлъ шыгъумрэ щIакхъуэмрэ. Мы гъэм кьриубыдэу «Роспотребнадзор»-м и щIэныгъэлIэхэм кьапщытащ шыгъу лIэужьыгъуэ кьудейуэ 17-м нэблагъэ. Ахэр псори ГОСТ-м и мардэхэм тохуэ. Апхуэдэу кIэлъоплъ щIакхъуэми. Гъэ еджэгъуэщIэм и ятеухуа щыщIэдзауэ ми лэжьыгъэм пащэнущ. Прохладнэ къалэм дэт Iуэхущапlэм и закъуэщ иджыпстукIэ ди ерыскъыхэкIхэм хэлъ йодыр зыхуэдизыр кьыщапщытэр.

ГЪУБЖОКЪУЭ Iэсият.
Прохладнэ къалэ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

Уз къэс Iэзэгъуэ иIэщ

● КъБР-м и прокуратурэм

Жэуапым ирашалIэ

Аруан щIыналъэм и прокурорым и къуэдзэ Жырыкъ Аслъэнбий Iэщидзащ Нарткъалэ щыщ цIыхухъум хуэгъэзауэ кьызэIуаха уголовнэ IуэхумкIэ тхылъым. Ар ягъэкъуанщэ УФ-м и УК-м и 242-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «б» пунктым кьыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэ илажьауэ (Интернетымрэ телекоммуникацэ сетхэмрэ кьигъэсэбэпурэ, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ порнографие сурэтхэр зэIухауэ зэригъэлъэгъуам, абыхэм ятеухуа тхыгъэхэр зэрызэбригъэхам кьыхэкIыу).

СЛЕДСТВЭМ кьызэрихутамкIэ, Нарткъалэ щыщ цIыхухъум абонент номерымрэ кьызэдрахьэкI компьютерымрэ кьигъэсэбэпри, «В контакте» социальнэ сетым езым и напэкIуэцI кьыщызэIуихащ икIи 2014 гъэм и фокIадэм кьыщыщIэдзауэ 2017 гъэм и накъыгъэ пщIондэ къамыхута сайтхэм порнографие тхыгъэхэр кьурихри, хуиту зэбгриГъэкIащ.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр кьащта нэужь, щыхэплъэн папщIэ, уголовнэ Iуэхур Аруан щIыналъэ судым иратащ.

Я пщэрылъхэм зэремыгугъум къыхэкIыу

Шэрэдж районым сабийхэм зыщагъэпсэху, я узынщагъэр щрагъэфIакIуэ и щIыпIэхэм законодательствэр зэрыщагъэзащIэ, жылагъуэ зыгъэпсклIэхэм шынагъэншагъэр къызэрыщызэрагъэпэщ щыкIэр щыналъэм и прокуратурэм кьыпщытащ.

А ЛЭЖЬЫГЪЭР щрагъэкIуэкIым, Аушыджэр кьуажэм и нарзаныпс пщтыр кьыщIэжьапIэхэм псыгуэн хуабэхэр щызыIыгъ «Жэбалы О. Х.» мэкъумэшыщIэ-фермер хозяйствэм, «Къанщауэ», «Майе» ООО-хэм ныкъуэсаныгъэхэр кьыщагъуэтащ. Къапщтэмэ, нэху кьыщекIхэм я зыгъэпсэхугъуэр тэмэму кьызэрагъэпэщыркъым, цIыхухэр зыхьхьэ ваннэхэм я кьабзагъэр, ахэр зэрызэрахьэ щыкIэр Сан Пи Н-м и пщалъэхэм кьитIасэркъым, псыгуэнхэм я лэжьакIуэ псоми зи чэзу медицинэ кIэлъыплъныгъэр зэфIагъэкIакъым. НэгъуэщI щыщIэныгъэхэри яIэщ.

Къэпщытэныгъэм кьрикIуам ипкъ итклэ, УФ-м и КоАП-м и 6.3-нэ статьям кьыхэригъэувым хуэдэу, зи гугъу тщIы коммерцэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэм яхуэгъэзауэ административнэ Iуэху кьызэIуахащ икIи республикэм Потребительскэ кIэлъыплъныныгъэмкIэ и управленэм и щIыналъэ къудамэм иратащ.

Судым щыхэплъэнущ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Iэ щIидзащ хуимыту сом мелуан 85-рэ кредиту къеIызыха цIыхухъуитIым яхуэгъэзауэ кьызэIуаха уголовнэ Iуэхумкlэ тхылъым.

АХЭР ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 176-нэ статьям и япэ Iыхьэм кьыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэ я лэжьауэ (я Iуэхур зыIутым е я финанс щытыкIэр зыхуэдэм теухуа хьыбар нэпцIхэр банким ириту, организацэм и унафэщым щыIэху кьызэрищтам, хэщIыныгъэшхуэ кьызэрихьам папщIэ).

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр кьащта нэужь, щыхэплъэн папщIэ, уголовнэ Iуэхур Бахъсэн щыналъэ судым ягъэхьащ.

Щхьэхуещэхэм илъэситхум нэс кьахь.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапlэ.

● Фlыщlэ

Адыгэ лIыкIуэхэу Инджылызым щыIахэр - Хьэжы Хьэсэнрэ Ростаныкъуэ Ийсмэхьилрэ. *Суратыр зыщIар нагуэкъым. 1861 гъэ*

Пшынальэр зымыгъэбгъунлъа ПащІэ Бэчмырзэ

ПащІэ Бэчмырзэ Къылышбий-хьэблэ, иужькІэ Нартан зыфІащыжам, 1854 гъэм къыщалъхуащ.

ПАЩІЭР дунейм тетыху, хуемыгъэзыху гукъеуитІ иІащ: щІэныгъэ ирикъу, нэс зэримыІамрэ и усыгъэхэр зэуІуу тедзауэ зэримыІалъгъумрэ.

И ныбжьыр илъэс пщыкІутІ щыхьуам, Бэчмырзэ зыс хьэупсапІэр къехьулІащ - тхылъ еджакІэ зыригъэщІэн папщІэ, и хьэблэгъу Лъеинш Мысост иратащ.

Іустаз хэхъуа зэщхьэгъусэхэм я деж куэд къыщищащ щІэныгъэм, еджэным зи нэр кьыхуикІ, абы хуэпабгъэ щІалэ набдзэгубдзапІъэм. ПащІэ Бэчмырзэ хьэрыпыбзэкІэ къеджэфу, тхэфу езыгъэсар Лъеинш Мысост и унэгуащэ Лухъанщ. Абы къыдэкІуэу, къэгъэлъэгъуэн хуейщ ПащІэ Бэчмырзэ езыр-езыру зэрджэжащ, и щІэныгъэм хигъахъуэ зэпыту къызэрекІуэкІар.

ПащІэ Бэчмырзэ и цІэр зыгъэІуар, къыдэзыхар, и лъэр зыгъэувар езым макъамэ зыщІилъхьа уэрэд-гъыбзэхэщ. ПльэукІэ, пщІэкІэ, хьэтыркІэ усакІуэм зэхилъхьа ГъыбзэхэщІ, уэрэдхэр цІыхухэм гунэс ящыхьурти, гукІэ зрагъащІэрт, зым адрейм жриІэрт. Нобэр къыздэсым цІыхухэм ящымыгъпщауэ кьадокІуэкІ «Сокрыкъэ и гъыбзэр», «Къэрэшей и гъыбзэр», «Алихъан и гъыбзэр», «Нэгъуей и гъыбзэр», нэгъуэщІхэри.

Бэчмырзэ хуейт и усыгъэхэр нэхьыбэм зэхахыну, тхылъымпІэм иту илъагъуну. Егупсысыртэ зэхилъхьэ уэрэдхэр, гъыбзэхэр гъэнэхуа зэрыхъуну щыкІэм - хьэрпыл хьэрфхэр къицЪэсэбэпурэ, алфавит зэхилъхьащ. Зыгуэрхэр зэран къыхуэмыхъун мурадкІэ, Бэчмырзэ я хадзапхъэ деклуэкІ къуэкІийм («Жэмыжьыкъуэ») и бжьэпэм щыІунэ щищІащ, езыр щыпсэуну, щылэжьэну. А щІыунэрщ усакІуэм алфавит щызэхигъэувар, и усыгъэхэм я нэхъыбапІэр къыщигъэщІар.

Хьэрпыл азбукэр зи лъабжьэ азбукэ щызэхилъхьэм, адыгэ макъ зыбжанэм яхуримыкъу хьэрфхэр Бэчмырзэ езым къигупсысащ, хьэрпыл хьэрфхэм диакритическэ дамыгъэ гуэрхэр щІигъуэрэ.

ПащІэм и алфавитыр хьэрф 39-рэ мэхъу. Бэчмырзэ хьэрпыл алфавит литературэ щІэиныр зэзыпщытэж комиссэр сэ зэгъэлэжьэну къыслухуагъэфащауэ щытащ. Махуэ хэхакІэ и унэм дыкІуэурэ, Нало Заурэ сэрэ, езы Данитки ди гъусэжэ, зэхэддзащ тхакІуэм и Іэужьхэр. Мис абы щыгъуэ сызыІущІахэм ящыщщ и материалхэр. Романым ауэ сытми кІуэцІрыпІэ дэтхэнэми ещІэ абы персонажу пщІы бжьыгъэ зыбжанэ зэрыхэтыр. АтІэ, сэ згъэщІэгъуэраци, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми хуэзэилъхьауэ «справкэ» зырыз тхакІуэм и архивым Іуах

Хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ зэпызыщІэ

Урысейм и Литераторхэм я зэгухьэныгъэм Адыгэ Республикэм щІэ къудамэм хэтхэм ткаКІуэ, журналист, щІэныгъэлІ, жылагъуэ лэжьакІуэ щІэрыІуэ Къуиикъуэ Асфар и «Дыщэ уэсэпс» тхылъым Адыгейм литературэмкІэ и Къэрал саугъэтыр хуэфащэу кьалъытэ. Илъэситі ипэкІэ къыдэкІа лэжьыгъэр тхылъеджэхэм ягу дихьащ. Абы итщ гъэзугуанэ очеркхэр, эссехэр, художественнэ публицистикэр.

ТХЫЛЪЫМ и пэублэ псалъэр хуитхащ Адыгэ Республикэм и цІыхубз тхакІуэ Куэшбей Пщымахуэ. Лэжьыгъэм щыгъуаэз дыхуещІ адыгэхэм я гупсысэкІэм, Тыркум, Израилым, Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм я гъащІэм.

«Хэхэс адыгэхэм тхылъым увыпІэ хэха зэрыщаубыдыр икІи гурыІуэгъэщ, - етх Куэшбейм. - Къуиикъуэ Асфар ди лъэпкъэгъуэр куэду щыпсэу къэралхэм - Африкэм, Европэм, КъуэкІыпІэ Гъунэгъум зыбжанэрэ щыІащ. Ар яІущІащ пащтыхьхэм, премьер-министрхэм, парламентхэм я спикерхэм, министрхэм, къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм я цІыху цІэрыІуэхэм. Ауэ абы и дежкІэ нэхъыщхьэр дуней псом тепхъа, Іуэрыдуэтэм къыхэщыж цІыхубэ Іуащагъыр зыхъумэу къэгъуэгурыкІуэ адыгэхэрт. Асфар зэхуихьэсыжащ хъыбарыжьхэр, рассказхэр, уэрэдыжьхэр зытет кассетэ щэ бжыгъэхэр. А лэжьыгъэхэм ящыщ Іыхьэхэр тхылъым ихуащ.

Къуиикъуэ Асфар и «Дыщэ уэсэпс» тхылъым и фІагъымрэ абы и ныкъусаныгъэхэмрэ къэхутэным екъэлІа жэуаплныгъэ зыпылъ кьалэныр мы тхыгъэм щызгъэзэщІэну пщэрылъ зыщыщІыжыркъым. Ар зи кьалэныр ди литературэ критикэхэщ, тхыдэджэхэщ, бзэ щІэныгъэлІэхэщ. Тхылъым сыщеджэмрэ ар и кІэм нэзгъэса иужькІэ си гум къыщыІуша гупсысэхэмкІэ сывдэгуэшэныщ си мурадыр.

Къыхэгъэщыпхъэщ, напэкІуэцІ щихьм щІигъу зи инагъ тхылъыр махуитІрэ ныкъуэм зэрынэзгъэсар, сызэджэр зэзгъэзахуэурэ, ящыкъуэхэм дежа къытезгъэзэжурэ сыпхыджыкІыкІи нэхъ къасщтэми. Адыгэм и щхьэм къырикІуам, ди лъэпкъэгъуэхэм хамэ щІыпІэм щалэ нобэрей псэукІэм, лъэпкъ хабзэмрэ анэдэлъхубзэмрэ зэрахъумам ятеуэуха тхылъыр апхуэдизкІэ щІэщыгъуэ сщыхьуу сыщызыщІишэм, си Іуэхуэкр лъэныкъуэ езгъэзу и кІэм нэзмыгъэсын слъэкІакъым. ИкІи зыщыщІэкІи абы сыхущІегъуэжакъым. Къуиикъуэ Асфар хузиІэ пщІэм нэхъри хэхъуащ, щхьэхуимыту си Хэкур зыбгьынэн хуей хъуа адыгэхэм я щІэблэм деж илъэс бжыгъэкІэ щызэхуихьэсыжа, мыхьэнэшхуэ зиІэ лэжьыгъэхэм папщІэ.

Асфар хамэ хэзралхэм щыпсэу ди хэкуэгъу Іущхэм, адыгэхэм я блэкІамрэ нобэмрэ фІыуэ щыгъуазэ, лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэхэм я хъумакІуэ нэхъыжьыфІхэм яІущІэрт. Абыхэм щІэныгъэу ябгъэдэлъар зыхуэдэр къэзгъэлъэгъуэн папщІэ, зы щапхъэ къэсхьынщ. ЩІэныгъэлІ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий Адыгэ Республикэм хыхьэ Аскъалай щыщ Іуэрыдуэтэдж цІэрыІуэ Едыдж Іэсхьэд и деж махуитІкІэ къыщыувыІэу щхьэхъэщІэну мурад ищІащ, арщхьэкІэ тхьэмахуитІкІэ зыщІэжьащ, абы жиІэ Іуэрыдуэтэхэр магнитофоным тригъатхэурэ. ХьэщІэр екьэжа нэужь, Іэсхьэд Къуиикъуэ Асфар мыпхуэдэу жриІащ: «Барэсбий си хьыбар кІэщІхэр сымыухьу, хъыбар кІьхьэм иджыри сынэмысауэ ежьэжащ».

Къуиикъуэ Асфар щхьэхуэу къыдигъэкІыжащ псалъэжьхэр, псынщІэрыпсалъэхэр, таурыхъэхэр, хъыбарыжьхэр щызэхуэхьэса тхылъ. Абыхэм дэтхэнэми уэзэщыныгъэм къыдэкІуэу, гъэсэныгъэ мыхьэнэи яІэщ.

«Дыщэ уэсэпс» тхылъым ущеджэкІэ блэкІам и мэр къыпщІехьэ, абы къыхэщ лІыхъужьхэм, зауэлІхэм, цІыху Іущхэм я теплъэр уи нэгу къыщІохьэ. Адыгэм и псэукІам тхылъеджэр ухишэм и мызакъуэу, а лъэпкъым уэзрыщыщым уригушхуэу, уи благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ уаэзрепсалъэмрэ уаэзрыхущымрэ ебгъэфІакІуэу щІыбодзэ тхылъым ущеджэкІэ, абы хэухуэна гущыІэ дахэм гукъыдж кует.

ЩІэблэм хабзэм кьилъхьэу яІытэ я псэукІэр нэхъ «тынш» ящІну, языныкъуэхэр блэкІам и Іэужьу яІытэу лъэныкъуэ ирагъэзыну щыхэт ди лІэщІыгъуэ зэхэзэрыльам, кьалэн, лъапІэныгъэ пхэнжхэр щызэхуэзыгъэувыжьым, тхакІуэм дигу кьегъэкІыж адыгэхэр дыхэтми, гъащІэм и мыхьэнэм дрегъэгупсыс.

Къуиикъуэ Асфар и тхылъым иджырей гъащІэм хэпсэукІхэм Іэмал къыдет адыгагъэмрэ адыгэ хабзэмрэ ди гупэр хуэдгъэзэжыну. Тхылъым къыщызгъуэтащ си упщІэ куэдым я жэуапхэр. Си фІэщ мэхъу дуней псом щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я деж тхылъым щІэупщІэ ин зэрыщиІэнур, адыгэр кьызыхэкІам, зэрыпсэумрэ щІэпсэумрэ зэрыриГъэгупсысынур. ИтІанэ, тхакІуэм илъэс щащІым щІигъукІэ ищІа лэжьыгъэр псыхэкІуадэ хъунукъым.

Къуиикъуэ Асфар и тхылъри, нэгъуэщІ щІэныгъэлІэхэм, тхакІуэхэм я лэжьыгъэхэм хуэдэу, адыгэ лъэпкъым и бзэр, щэнхабзэр, хабзэхэр джыным, ахэр хъумэным хуищІа хэлъхьэныгъэфІщ. Къуиикъуэм и тхыгъэхэм дыкъыхураджэркъым блэкІам дгъэзэжу дыхэпсэукІыну, атІэ дызэпльэкІыжу кьэткІуа гъуэгуанэм дрипльэжу абы хэлъ фІагъхэм иджырей гъащІэм, кьэкІуэнум дыщригъуэзэным дыхуаущий.

Къэрал 50-м щыпсэу ди лъэпкъэгъуэмрэ хэкурысхэмрэ зэпызыщІэ лъэмыж хъуащ тхылъыр. Къэбгъэльагъуэмэ, Филиппинхэм адыгэ унагъуэ кьыщагъуэтащ. Тхьэм и фІыщІэкІэ, тхыдэм къыщыхъуа гуэзвэгъуэм лъэкІакъым лъэпкъыр игъэкІуэдын. Пэжщ, Кавказ зауэм и зэранкІэ, лъэпкъым хэщІыныгъэшхуэ игъуэтащ икІи Хэкум щрагъэІэпхъуКІам гуэзвэгъуэ куэд ишэчащ, ауэ хамэщІым абы зыщІихьумэжьын хуэзфІэкІащ.

Къуиикъуэр зэпсэлъахэмрэ езы тхакІуэмрэ нэхъыбэу зытегуэзвыхь Іэхъугъуэхэм ящыщщ хамэ щыпІэхэм щыпсэу адыгэхэм я щІэблэм анэдэлъхубзэр зэрамыщІэр, ахэр нэгъуэщІ лъэпкъэм яхэшыпсыхьыжьинкІэ шынагъуэ зэрыщыІэр. Иджырей зэманым къигъэнэІуэнущ адыгэ лъэпкъым и къэкІуэнур зыхуэдэнур.

Тхылъ гъащІэгъуэн икІи щхьэпэ зи Іэдакъэ къыщІэкІа Къуиикъуэ Асфар дяпэкІи ехъулІэныгъэ и куэдыну, апхуэдэ Іуэху купщІафІэхэр кьеэхуЛэну си гуапэщ!

ХЬЭКІУРИНЭ Руслан,
усакІуэ, Урысейм и Литераторхэм я зэгухьэныгъэм хэт.

● Уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм и психологие къулыкъур фокІадэм и 2-м илъэс 25-рэ ирикъуащ

ЩІыхухэр зыхуэныкъуэщ

Уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм психологие щІэныгъэр куэд щІауэ къыщагъэсэбэп.

ІЭЩІАГЪЭПІХЭМ къызэрагъэлъагъуэмкІэ, нэгъуэщІ къэралхэми хуэдэу, Урысейми XVIII лІэщІыгъуэрщ еджагъэшхуэхэм психологием теухуа я лэжьыгъэхэр тутнакъэщхэм къыщагъэсэбэп щыхъуар. Ипэ́іуэкІэ, УИС-р психологие щІэныгъэм щІыхуеин щхьэусыгъуэ щыІакъым, щІэпхъаджагъэ зылэжьам ар ирагъэпшыныж къудейти. Иджы тЭзырым гъэсэныгъэр дэщІыгъун хуэйщи, психологиер щІэгъэкъуэн зыхуащІ.

Балигъ мыхъуауэ хабзэр къызэпызыудахэм ядэлэжьхэн папщІэ ахэр щалыгъ Іэхуущ Іапі Іэхэм, иужькІэ следственнэ изоляторхэм психолог Іэщ Іагъэ зиІэхэр къащтэу щІадзащ 1974 гъэм. КъБР-м и УИС-м психологие лабораторэр 1995 гъэм къыщыІэзрагъэпэщащ.

КъБР-м щыІэ УФСИН-м и психологие Іэнатіэм и унафэщІ Щоджэн Маритэ зэрыжиІамкІэ, МВД-м и къыхагъэкІыу уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэр Урысейм Юстицэмкі э и министерствэм ирата иужь (1998 гъэ), КъБР-мкІэ УИН-м и психологие къулыкъум психологыу тІущ щылэжьар. ИльэситІ дэкІа нэужь ар нэхъыбэ хъуащ.

- А лъэбакъуэм мыхьэнэшхуэ иІэщ. Психологым Іэмал иІэщ УИС-м и лэжьыгъэр щІэныгъэр и лъабжьэу икІи псори зэпэщэчауэ иунэтІыну, - жеІэ Щоджэн Маритэ. - Мы зэманым ди деж щолажьэ зи Іэщ Іагъэм кууэ хэзыщІыкІ психолог 12. Абыхэм къагъэсэбэп психологие щІэныгъэм и къэхутэныгъэщІэ дыдэхэр. Жыг Іэн хуейщ психологие лэжьыгъэр УИС-м къыгуэхыпІэ имыІэу и Іыхьэ зэрыхъуар. Абыхэм я Іэщ Іагъэм фІыуэ зэрыхащІыкІыр сэбэпышхуэщ УИС-м щылэжьэнухэр къыхэхыным, мы Іэхуущ Іапі эм зэгурымыІуэ гуэр къыщыхъунэ, ар зэхэгъэкІыным, гъэзэкІуэжьным теухуауэ.

Іэхуущ Іапі эм и унафэщІым къызэрилъытэмкІэ, психологхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэнур куэдкІэ елъытащ Іэнатіэр зыхуей-зыхуэфІкІэ къызэрызэгъэпэщам.

Нобэкі э психологие Іэнатіэм иІэщ пэш 19, зыхуеину компьютерхэр щІэту. ЭщІагъэлІхэм цІыхум психодиагностическэ къэпщытэныгъэхэр щыдрагъэкІуэкІкІэ абыхэм лэжьыгъэр ящегъэпсынщІэ.

- Кьыхэгъэщыпхъэщ, психологхэм я чэнджэщым ягъэтІысахэм я мызакъуэу, абыхэм я Іыхьлыхэри зэрыхуэныкъуэр, - жеІэ Маритэ. - «Бжэ зэІуэам и мазхуэхэр» щрагъэкІуэкІкІэ, ягъэтІысахэм я благъэ тутнакъым кьыщыкІуэкІэ, психологхэр ядолажьэ абыхэм кьахуэныкьуэ псоми.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Ди къалащхьэм



Налшык и щІыпІэ нэхъ дахэхэм ящыщщ «Сосрыкъуэ» ресторанымрэ абы кьедза щІыналъэмрэ.

● Налшык

ЗэІуэзэпэщ мэхъу

Налшык и зоопаркым вольерыщІэхэр къыщызэІуахащ. Абы ягъэІэпэхъунущ бланэхэр, махъшэхэр, мэз бжэнхэр, ламэхэр.

ЗООПАРКЫМ и къудамэм и унафэщІ Дыщэкі Мурат дыззэрыщигъэгъуэзакІкІэ, метр зэбгъуэнатІэ 1500-рэ зи инагъ вольерхэр псэущхьэ зэмылІэужьыгъуэу 10-м увыІэпІэ яхуэхъунущ. Ахэр Іэхуитлъэхуитщ, уеблэмэ цІыхухэр псэущхьэхэм хуиту ябгъэдыхьэурэ ягъашхэ хъунущ. Вольерхэм я Іэшэлъашэм псей жьыщІэхэр, удз гъэГъа дахэхэр щыхасащ. Сабийхэм псом нэхъ рэ нэхъ ягу ирохь зоопарк ихьэпІэм иджыблагъэ щагъэува тыкуэн цІыкІур. Абы щащэ псэущхьэ цІыкІухэм утемышынихьу уаэзрыхуэупсэн шхыныгъэхэр: пхъыр, жэгундэр, кхъбыстэр, пхъэщхьэмыщхьэхэкІхэр. Зоопаркыр сыт и лъэныкъуэкІи хуагъэхьэзыращ гъэ еджэгъуэщІэмрэ къэралыгъуэмрэ щагъэлъапІэну зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм цІыху куэд кьаэзрыхуэзкІуэнум.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Тэрч щІынатъэ

Сабийхэм папщІэ

Джылахъстэнейм хыхьэ Заводской жылагъуэм и сабий зыгъэпсэхупІэр къаГъэщІэрэщІэж. Мы Іуэхум жыджэру хэтщ къуажэдэс щІалэгъуалэмрэ абыхэм ядэІэпыкъуну хуей хьэрычэтщІакІуэхэмрэ.

ЗЫГЪЭПСЭХУПІЭМ и хъуреягъыр гъущІ хъаркІэ къаХухьащ, бетон кьуэхьэр ягъэуващ, щыпІэм ит жыг лейхэмрэ хэгъуКІахэмрэ ирахри, удзыр кІэщІу паупщІащ, цІыкІухэм тыншу кьыщакІуухьи хуэдэу. Іэшэлъашэм кьабзагъэм тКІийуэ щыкІэлъоплъ мы кьуажэм дэсхэр. Жылэм и цІыху кІуапІэу щыт парк цІыкІур къэгъэщІэрэщІэжьыным теуха щэбэт щІыхьэхуэри ирагъэкІуэкІащ.

ЖэрдэмщІакІуэхэм мы бжьыхэз дызытехьэм а щІыпІэм и хъуреягъым щыхасэнущ псей, уэздыгъей, туе жьыгэр. НобэкІэ зэрагъэпэща тренажёрхэр, хъыринэхэр, теннис джэгупІэхэр хэусэкъыу яхъумэ, мыгувэу футбол щІыкІымкІэ джэгупІи яухуэну я мурадщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Тэрч щІынатъэ

Бжыгъэр къахузэІухакъым

● Футбол

«Ангушт» (Нэрэн) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Нэрэн. Аушевым и цІэр зезыхьэ стадион нэхъыщхьэ. ФокІадэм и 2-м. ЦІыху 600 еплъащ.

Судьяхэр: Смирнов (Кисловодск), Холин, Охрименкэ (тІыри Мейкъуапэ щыщщ).

«Ангушт»: Хамхоев, Гитинов, КІыщ, Газдиев, Попков, Албогочиев (Дзейтов, 46), Парчиев (Гаракоев, 80), Къуэн 3., Къуэн А. (Алиев Б., 79), Аушев, Делиев.

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Лелюкаев (Жылэ, 69), Муслуев, Шахтиев (Абидинов, 83), Абаз3, Миронов (Магомадов, 63,), Ахриев, Медников, Пащты (Михайленкэ, 46), Мэшыкъуэ, Алиев Р. (ІІупІ, 60).

Дагъуэ къыхуащІащ: Пащтым, Газдиевым, Магомадовым, Хамхое- вым.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Ангушт»-мрэ Урысей Федерацэм футболымкІэ щекІуэкІ зэхьэзэхуэхэм щызэхуэзыжьэн зэрыщІадзэрэ куэд щакъым, арщхьэкІэ абыхэм я зэпэщІатыныгъэхэр сыт щыгъуи гуащІэщ. ЩхьэусыгъуэкІ нэхъыщхьэр ЩэбэрдейБалъкъэрымрэ Ингушыбмрэ я командэхэм зы республикэм икІыу адрейм хыхьа щІалэ зыбжанэ зэрыхэтырщ. Дэтхэнэри хуейщ я лъахэгъуэм я деж екІуу зыкъыщигъэлъэгъуэну.

ЩІэбэт кІуам зэхэта зэІуущІэри удэзыхьэхт. Мыбы ипэкІэ и стадионым щыщІэжу «Спартак-Владикавказ»-м къызэрыхигъэщІар зэрымыщІэкІэ къэхъуа Іуэхугъуэу къыщагъэхэуну ди щІалэхэр занщІэу ипэкІэ ящІэтащ. АрщхьэкІэ тхьэмахуэ пашэныгъэр щызыуБыдахэм ящыщ хэгъэрейхэри икІуэтынутэкъым икІи ахэращ ящІэ бжыгъэр къызэІуэзыхьфыну щытар: Къуэн Асльэнбэч зэуа топыр «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэм техуащ.

Налшыкдзэхэм я джэгуКІэр нэхъ щызэтеувар зы сыхьэт хуэдиз дэкІаУэщ. ЛІупыр зэІуущІэм къызэрыхагъэхьар абыкІэ сэбэп хъуащ. 79-нэ дакъикъэм хэгъэрейхэм я гъащхьэтетым топыр хуэгъэІуэрыщІакъым икІи Испльам зэуа топыр гъуэм дэкІыным зымащІэ дыдэщ иЭжар - гъащхьэхъумэхэм ящыщ зым абы кьригъэгъэзащ.

«Спартак-Налшыкым» хэту 100-нэ зэІуущІэр езыгъэкІуэкІ ингуш щІалэ Ахриев Хьэсэн, джэгур иухыным зымащІэ дыдэ фІэкІа имыІэжу, и хэкуэгъуэхэр хигъащІэ пэтащ. Ар дахэу зэуа топыр сантиметр бжыгъэкІэ гъуэм блэцІэфтащ.

Къыщ Іагъуа зэманым и пэщІэдзэм хэгъэрейхэм текІуэныгъэр яхьыным зымащІэщ иЭжар. Гараковевыр зэуа топыр гъуэм зэрыдэмыкІар гурыІуэгъэкъым.

Абы иужьыжкІэ ЛІупІ Испльам «Ангушт»-м и гъуэм пэмыжьыжьэу ираудащ. Пенальти? Метр пщыкІуэным игъэлъэгъуэну Кисловодск къикІа судьяр тегушхуакъым. Арати, бжыгъэр лъэныкъуэхэм кьахуэзІумыхауэ зэІуущІэр иухащ - 0:0.

Хьэлэмэтращи, Урысей Федерацэм и «Ипщэ» гупым 2017 - 2018 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэ джэгуГъуэм къыриКІуа бжыгъэхэм: **«Чайка»** (Песчанокопское) - **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **1:0**, «Черноморец»-м зэрыщыдэджэгунур къэплъытэмэ, иджыри текІуэныгъэр зыІэригъэхьэфыну фІэщщыгъуейщ. А зэІуущІэр фокІадэм и 8-м зэхэтынущ.

Иджы щыгъуаэз фыхуэтщІынщ етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым иужьу щызэхэта джэгуГъуэм къриКІуа бжыгъэхэм: **«Чайка»** (Песчанокопское) - **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **1:0**, **«Армавир»** (Армавир) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **2:0**, **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **4:0**, **«Кубань-2»** (Краснодар) - **«ІэфІыпс»** (Іэфіыпс) - **0:2**, **«Спартак-Владикавказ»** (Владикавказ) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **1:2**, **«Легион Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Краснодар-2»** (Краснодар) - **1:3**.

«Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - «Анжи-2» (Мэхъэчкъалэ) зэІуущІэр нэхъ иужьыІуэкІэ екІуэкІынущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Краснодар-2»	6	5	0	1	17-5	15
2. «Армавир»	6	5	0	1	11-3	15
3. «ІэфІыпс»	6	4	1	1	7-2	13
4. «Чайка»	7	4	1	2	5-4	13
5. «Ангушт»	7	3	2	1	9-5	11
6. СКА	7	3	2	2	12-10	11
7. «Биолог-Новокубанск»	7	3	2	2	8-6	11
8. «Анжи-2»	5	3	1	1	10-5	10
9. «Спартак-Налшык»	7	2	4	1	10-6	10
10. «Легион Динамо»	7	2	2	3	10-11	8
11. «Мэшыкъуэ-КМВ»	6	2	1	3	6-7	7
12. «Дружба»	6	2	1	2	7-11	7
13. «Черноморец»	6	2	1	3	4-8	7
14. «Спартак-Владикавказ»	7	1	2	4	6-9	5
15. «Академия»	6	0	3	3	4-13	3
16. «Динамо-Ставрополь»	6	0	2	4	10-18	2
17. «Кубань-2»	6	0	0	5	5-18	0

Редактор нэхъыщхьэм и ящэ къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ
Редколлегием хэтхэр:
ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі э - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дзэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖЬэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.). Компьютерхэм газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ тралдэзи хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.507 ● Заказ №1112